



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE SANT KÒMANN MOBIL NAN BRONX AK QUEENS POU EDE NOUYÒKÈ YO RANPLI DEKLARASYON TAKS YO GRATIS

Depatamn taks ak Finans ap ede kontribyab yo ki gen revni anba \$62,000 pou ranpli deklarasyon taks yo nan delè 18 Avril

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te deplwaye Sant Kòmman Mobil nan Bronx ak Queens pou ede kontribyab kalifye yo ranpli deklarasyon taks yo gratis annavans de delè 18 Avril la. Inite a ap gen ladan anplwaye Depatman Taks epi ede moun yo ki gen revni anba \$62,000 pou ranpli deklarasyon taks yo nan dat 13 jiska 16 Avril.

“Sant Kòmman Mobil la pral rann li pi fasil pase anvan pou Nouyòkè yo fè ranpli taks yo ansekirite epi avèk presizyon ane sa a ,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Plis pase 1.3 milyon kontribyab nan Bronx ak Queens kalifye pou sèvis gratis sa, e mwen ankouraje tout Nouyòkè ki kalifye yo pou pran avantaj.”

“Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske, yon fwa ankò, pote sèvis gouvènman kap benefisye dirèkteman kominote nou yo nan deplwaye Sant kòmman Mobil la, ajoute opsyon pou ranpli taks gratis ki disponib pou kontribyab yo,” **te deklare Komisyonè Taks ak Finans Eta New York Jerry Boone.**

Volontè yo nan Depatman Taks Eta New York, sa ki gen ladan moun ki pale Panyòl ak Kreyòl Ayisyen, ap disponib pou gide kontribyab yo grasa preparasyon taks sou entènèt ak pwosesis pou ranpli taks la. Anplis, volontè yo ki pale Bengali ak Urdu ap disponib nan Bibliyotèk Queens (Central) lokal nan Jamaica.

An patenarya avèk bibliyotèk yo ansanm avèk lòt òganizasyon kominotè yo, Depatman Taks la bay tou asistans taks gratis nan [85 lokasyon](#) nan tout eta, enkli anpil sit nan senk awondisman yo ak Long Island.

Orè Sant Kòmman Mobil

- Mèkredi, 13 Avril, 11:30 a.m. jiska 6:30 p.m. nan 69 E. 167th Street, Bronx, an patenarya avèk Ariva ak Spring Bank.
- Jedi, 14 Avril, ak Vandredi, 15 Avril, 10 a.m. jiska 5 p.m. nan 2751 Grand Concourse, Bronx, an patenarya avèk Ariva, Pwogram Lojman Katye Inivèsite, ak Fordham Bedford Housing Corp.

- Samdi, 16 Avril, 10 a.m. jiska 5 p.m., an patenarya avèk Bibliyotèk Queens (Central), 89-11 Merrick Blvd., Jamaica.

Lè fonksyonman nan lòt lokal yo nan Vil New York ap disponib sou sitwèb depatman taks la nan tax.ny.gov/fsa oswa lè nou rele 311.

Kontribyab yo ka gen aksè a menm sèvis lojisyèl gratis ki fasil pou itilize nan tax.ny.gov pou ranpli deklarasyon taks federal ak eta yo a apati nenpòt òdinatè, tablet, oswa smart phone. Lojisyèl la ap asire ke yo resevwa tout kredi ke yo kalifye yo. [Kredi Taks sou Revni ou Reyalize](#) pou kont li ka ajoute jiska \$8,427, bay fanmi kalifye kap travay yo resous finansye enpòtan pou peye fakti yo, fè acha, oswa stimile ekonomi ijans.

###

Lèt Nouvèl anplis disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418